WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

QARAQALPAQ FİLOLOGİYASI FAKULTETİ

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’:___________ f.i.k. Q.Turdi’baev

«_______»_______________2011-j

# 5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Ismaylova To’reniyazovna Dilnazdin’ « Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde troplardi’n’ qollani’li’wi’» degen atamadag’i'

**PİTKERİW QA’NİGELİK**

**JUMI’SI’**

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’ kafedrasi’ basli’g’i'
f.i.d.,prof. Q.Jarimbetov

________

«_______»______________2011

İlimiy basshi’:f.i.k.,doc.PAllambergenova

____________________

**No’kis – 2011 j**

**Ma'mleketlik Attestatsiya Komissiyasi'ni'n'**

**QARARI':**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi' Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' qa'nigeligi bakalavr bag`dari'ni'n' pitkeriwshisi To'reniyazova Dilnazdin' « Ji'raw-shayi'rlar do'retiwshiliginde troplardi'n' qollani'li'wi'» atamasi'ndag`i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'na

«_________» ball qoyi'lsi'n.

**MAK basli'g'i': _____________ _________________________**

**MAK ori'nbasari' _____________ ________________________**

**MAK ag`zalari':**

_____________ _________________________

_____________ _________________________

_____________ _________________________

_____________ _________________________

_____________ _________________________

**Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde troplardi’n’ qollani’li’wi’**

**Jobasi’:**

**Kirisiw**

**Tiykarg’i’ bo’lim.**

**I. Bap. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ haqqi’nda tu’sinik.**

I.1. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ haqqi’nda uli’wma tu’sinik.

I.2. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m wolardi’n’ tu’rleri.

**II. Bap. Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde troplardi’n’ qollani’li’wi’.**

II.1. Ji’raw-shayi’rlar tolg’awlari’nda ten’ew, epitet, giperbolalardi’n’ qollani’li’wi’.

II.2. Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde metafora, metonimiya, sinekdoxalardi’n’ qollani’li’wi’.

**Juwmaqlaw.**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**.

# Kirisiw

A’debiyat tariyxi’nda ha’r qi’yli’ da’wirler haqqi’nda ko’z-qaraslar menen birlikte, bunnan ko’p ji’llar buri’n wo’tken ata-babalari’mi’zdi’n’ ruwxi’y wo’miri haqqi’nda tu’siniklerin de teren’ an’lawg’a boladi’. A’debiyat tariyxi’ wo’zi jasag’an da’wirdin’ tariyxi’y shi’nli’g’i’n ashi’p ko’rsetiw ushi’n tek wo’mir haqi’yqatli’g’i’n su’wretlew jag’i’nan g’ana qatnasadi’. Soni’n’ ushi’n da ha’r qanday shi’g’armani’ tariyxi’y shi’nli’qqa sa’ykes keledi –dep bahalawg’a bolmaydi’. Tariyxi’y faktti buzbay, sol tu’rinde de qatnas jasag’an jazi’wshi’lar bolg’an. Biraq a’debiyatta fantaziya ko’birek. Soni’n’ ushi’nda V.G.Belinskiy «Tariyx bolg’an na’rseni jazadi’. Al, a’debiyat boli’wi’ mu’mkin bolg’an» - dep ko’rsetedi, usi’nday sebepler menen a’debiy shi’g’armani’ sol tariyxi’y waqi’yani’n’ wo’zi si’pati’nda qabi’l ali’wg’a bolmaydi’. Biraq a’debiyatti’n’ wo’zi de tariyxi’y waqi’yalardi’n’ soqpag’i’ menen ju’redi. Ha’tte jazba tariyxi’ saqlanbay qalg’an yellerdin’ wo’zinde de, awi’zeki a’debiyat an’g’arlari’ menen wo’z tariyxi’n tiklep alg’an xali’qlar ko’plep ushi’rasadi’.

Ha’r qanday a’debiyatti’n’ tariyxi’ birin-biri qaytalamaydi’ wo’zinshe obraz ha’m xarakterler jasap, wo’z zamani’ni’n’ adamlari’ haqqi’nda si’r shertedi. Ha’r bir shayi’r o’z tu’sinigi, wo’z bilimi tiykari’nda tariyxi’y da’wirlerge bolg’an ko’z-qarasi’n bildiredi. Bul jag’i’nan qarag’anda ha’r yeldin’ a’debiyat tariyxi’ pu’tkil jer ju’zlik a’debiyatti’n’ aji’ralmas bo’legi boli’p yesaplanadi’. Ha’r bir xali’q wo’z atag’i’na iye bolmastan buri’n da qa’wimlik da’wirde jasap, tu’rli din ha’m saltlardi’ basi’nan keshirgen. Mifologiyali’q tu’siniktegi yerte da’wirdegi ma’deniy miyraslarg’a iye bolg’an. Son’i’nan payda bolg’an qa’wimlik birlespelerde de tu’r ha’m tillerdin’ jaqi’nli’g’i’ birneshe xali’qqa wortaq bolg’an a’debiyatlardi’ payda yetkenligin ko’remiz. Ji’raw-shayi’rlar miyrasi’ da tap usi’nday tek bir xali’qti’n’ miyrasi’ yemes, al, pu’tkil tu’rkiy tilles xali’qlardi’n’ miyrasi’ si’pati’nda qaraladi’. Soni’n’ ushi’n bolsa kerek, wolardi’n’ do’retiwshiligi bir-biri menen u’nles keledi.

Qaraqalpak a’debiyati’ni’n’ sag’alari’n u’yreniw milliy miyraslardi’ u’yreniw menen barabar. Sebebi, wolarda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tmishtegi social-ekonomikali’k turmi’si’, ma’deniyati’, u’rp-a’det. da’stu’rleri wo’z ko’rinisin topqan boladi’. Biz usi’ jumi’si’mi’zdi’n obekti yetip ji’raw-shayi’rlar miyrasi’n, al, predmeti etip wolarda qollani’lgan ko’rkem su’wretlew qulallari’n aldi’q. Bul ma’sele qarakalpaq a’debiyattani’w iliminde yele izertlenilmegen aktual problemalardi’n’ biri boli’p esaplanadi’.

Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n izertleniw ma’selesi yele toli’k qolg’a ali’nbag’an ti’n’ mashkalalardan yesaplanadi’. Bul boyi’nsha

Q.Muratbaevti'n', Q.Worazi'mbetovti'n' ilimiy miynetlerinde[1] azi'-kem u'yrenilgen. Sonday-aq, ilimpaz B.Genjemuratov «A'jiniyaz lirikasi'ni'n poetikasi'»[2] atli' monografiyasi'nda A'jiniyaz lirikasi'nda qollani'lg'an troplar, stilistikali'q figuralardi' du'nya ju'zlik a'debiyattani'w ilimi shenberinde u'yreniwge ha'reket yetedi. 1994-ji'lg'i' so'zlikte

**Jumi'sti'n' maqseti**: Ji'raw shayi'rlar do'retiwshiliginde troplardi'n' qollani'li'w qollani'li'w wo'zgesheliklerin ani'qlaw. Bunda biz to'mendegilerdi wazi'ypa yetip qoydi'q:

-Ji'raw-shayi'rlar do'retiwshiliginde epitet, ten'ew ha'm giperbolalardi'n' su'wretlew obektleri ha'm ji'rawlardi'n' sheberligi ma'selesin u'yreniw;

-Ji'raw-shayi'rlar miyrasi'nda metafora, metonimiya, sinekdoxalardi'n' mazmung'a qatnasi' ma'selesi.

**Jumi'ti'n' quri'li'si'**: Yeki baptan ibarat. Ha'r bir bap yeki bo'limge bo'lingen. Birinshi bap teoriyali'q bap boli'p, wonda troplar u'yreniledi. Yekinshi bapta ji'raw-shayi'rlardi'n' miyrasi'nda troplardi'n' qollani'li'wi' ma'selesin u'yrenedi. Kirisiw, juwmaq, jumi'sti'n' son'i'nda paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi berilgen.

---

[1] Муратбаев Қ. Қарақалпақ поэзиясында қосык қурылысы, Нөкис. «Қарақалпақстан», 1977., Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпак лирикасында көркем формалардын эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим». 2004.

[2] **Генжемуратов Б. «Әжинияз лирикасынын поэтикасы», Нөкис, «Билим», 1997.**

## I Bap. Ko'rkem su'wretlew qurallari' haqqi'nda.

### I.1. Troplar haqqi'nda uli'wma tu'sinik.

Poeziyani'n' til –quramali', ra'n'-ba'ren', wo'zine ta'n poetikali'q sheberlikke quri'lg'an so'zlerden turatug'i'n qatarlar ji'yi'ndi'si'. Poeziyali'n' tildi bilmey turi'p, qosi'qti' da puqta u'yrene almaymi'z. Biraq, wo'kinishlisi, ko'rkem shi'g'armani'n' tili, sonday-aq poetikali'q til ma'selelerin izertlew ha'm a'debiyattani'w ilimine yengiziwde ilimpaz-ali'mlari'mi'z du'nya-ju'zlik ilim talaplari'nan bir qansha izde qali'p kelmekte. Tariyxi'y poetikag'a tiyisli izertlewlerde ko'rkem shi'g'arma tilinde qollani'latug'i'n su'wretlew qurallari' «badoyiu-s-sanayi» («ko'rkem qurallar») dep ju'ritiledi. Ha'zirgi Da'wirde a'debiy ta'limde shi'g'armani'n' tili ko'rkemliktin' a'yyemgi da'stu'r boyi'nsha ani'q tu'rde u'yrenilse, ilimiy-metodologiyali'q jaqtan bir qansha quramali'li'qlar kelip shi'g'i'wi' mu'mkin. Soni'n' ushi'n da stilistika pa'ninin' talaplari'na tiykarlani'p, qosi'qti'n' ko'rkemliligin u'sh toparg'a –poetikali'q awi'si'wlar, ko'rkemlew qurallari', qosi'q so'zi sintaksisine aji'rati'p u'yreniw lazi'm dep tabi'ladi'. Qosi'q so'zi ko'rkemliligi qurallari' klassifikaciyasi'nda sha'rtlilik bar. Biraq, bul klassifikaciyani'n' ilimiy tiykarlari' da joq yemes: poetikali'q awi'si'wlarda, tiykari'nan, so'zlerdin' awi'spali' ma'nileri yesapqa ali'nsa, ko'rkem qurallarda so'zlerdin' ma'nawiy bezegenligi di'qqat worayi'nda turadi', poetikali'q sintaksiste (yamasa stilistikali'q figuralar) bolsa, qosi'q so'zinde ga'p quri'li'si'ni'n' ra'n'-ba'ren' ko'rinisleri itibarg'a ali'nadi'.

Poetikali'q awi'si'wlar. Poetikali'q awi'si'wlar uli'wma ta'lim beretug'i'n worta mekteplerde, akademiyali'q licey ha'm ka'sip-wo'ner kolledjlerinde «arnawli' ko'rkem su'wretlew qurallari'» ha'm a'debiy tariyxi'nda ha'm xali'qarali'q terminologiyada «troplar» dep ataladi'.

Ko'rkem wo'nerdin' ha'r qanday tu'ri, soni'n' ishinde, ko'rkem a'debiyat originalli'qti' ha'm ra'n'-ba'ren'likti qa'leydi. Arnawli' ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'li'wi' a'debiy shi'g'arma tilinin' shireli, boyawli', tarti'mli' qi'ladi'.

Bir shayi'r wo'z shi'g'armalari'nda teren' filosofiyali'q pikir ha'm joqari' logikali'q ku'sh penen, basqa bir shayi'r kewildi tolg'andi'ri'wshi' jag'i'mli' lirizimi menen, ja'ne birewi so'z marjanlari'n poeziya jibine marjanday suli'w qi'li'p diziwi menen, ja'ne birewi wo'zi qosi'qlari'ni'n' namalarday muzi'kali'li'g'i' menen ja'ne birewi bolsa aranawli' ko'rkem su'wretlew qurallari'nan sheber paydali'p, obrazli' kartinalar si'zi'w menen woqi'wshi'ni'n' qa'lbine kirip baradi', woni' wo'zine tartadi'. Arnawli' ko'rkem su'wretlew

qurallari'n wo'z worni'nda qollani'w, woni' ideyali'q-ko'rkem maqsetke xi'zmet qi'ldi'ri'w so'z sheberlerinen wo'zine ta'n sheberlikti talap yetedi.

Arnawli' ko'rkem su'wretlew qurallari' shi'g'armalari'ni'n' poetikali'q bezew g'ana boli'p qalmastan, shi'g'armani'n' ideyasi'n konkretlestiriwdin' realistlik qurali'da boli'p yesaplanadi'. Shi'g'armada turmi'sti'n' haqi'yqi'y sa'wlelendiriliwi, xarakterdin' tipikligi, do'retiwshi shaxs analizlegen estetikali'q idealdi'n' za'ru'rligi, shi'g'armani'n' xali'qshi'li'g'i', jazi'wshi'ni'n' forma ha'm mazmun birligine yerisiwindegi sheberligi, shi'g'armani'n' ruwxi'y ha'm estetikali'q ta'rbiyali'q ta'sirinin' ku'shli boli'wi' ko'rkem su'wrtelew qurallari'n sheberlik penen qollana ali'w wo'nerine de baylani'sli'. A'debiy shi'g'armada so'z tiykarg'i' yamasa awi'spali' ma'niste qollani'ladi'. Yeger shi'g'armani'n' tilinde so'z tiykarg'i' ma'nisinde yemes, al, awi'spali' ma'niste qollani'lg'an bolsa, wol arnawli' ko'rkem su'wretlew qurali' boli'p yesaplanadi'. Uli'wma, shi'g'armadag'i' barli'q so'zlerde de su'wretlew qurali', biraq awi'spali' ma'nis an'latatug'i'nlari' ayi'ri'qsha wori'n tutadi'. Wolar troplar si'pati'nda qollani'ladi'.

### I.2. Ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'm wolardi'n' tu'rleri.

Troplar haqqi'nda wori's ha'm wo'zbek a'debiyattani'w iliminde ko'plegen ilimiy jumi'slar islengen. Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde troplar xaqqi'nda ayi'ri'm miynetlerde g'ana azli' kem toqtali'p wo'tken. Wo'zbek a'debiyattani'w iliminde a'debiyatshi' T.Bobaev troplar haqqi'nda to'menlegishe pikirler bildiredi: «A'debiyati'mi'zda tiykari'nan qosi'qlarda troplar qo'p qollanali'ladi' qosi'qlari'mi'zda tez-tez qollani'li'p turatug'i'n gu'l, bu'lbil, ku'n, tu'n, ay si'yaqli' da'stu'riy poetik obrazlar da troplar boli'p yesaplanadi'»[1]. «Ko'rkem so'z ustasi' qandaydur zatti', qubi'li'sti' yaki ha'diyseni su'wretlew ushi'n so'z yamasa so'z birikpelerin o'zinin' tiykarg'i' ma'nisinen basqasha ayai'spali' ma'niste qollansa, bunday usfi'ldi' a'debiyattani'w iliminde troplar dep ataw qollani'li'p kiyati'r»[2].

Troplar a'dette, qosi'qti'n' ko'rkemligin bayi'tadi', wog'an jan'a mazmundi' su'wretlewshi jan'a so'z yaki so'z birikpesin jaratadi', shayi'rdi'n' su'wretlemekshi bolg'an obektine qatnasi'n bildiredi. Shayi'r ko'rkemlew qurallari' arqali' su'wretlew obektin individuallasti'radi' ha'm ja'ne de ani'g'i'raq ashi'p ko'rsettedi: kitap woqi'wshi' wol haqqi'nda obrazli' tu'sinikke iye boladi'. «Trop, grek so'zi boli'p (topos), tiykarg'i' ma'nisi-

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002.
[2] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасынын поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997.

buri’w. ko’shiriw, aylandi’ri’w, obraz. Trop-so’z dizbegi ha’m tu’sinikti obrazli’, ko’shirmeli ma’niste paydalani’p poetikali’k ayti’w usi’li’»[1].

Yeki predmet yaki ha’diyseni sali’sti’ri’w, uqsati’w troplarg’a tiykar qi’li’p ali’nadi’. Yag’ni’y predmet yaki waqi’ya-ha’diyse haqqi’nda ani’q, toli’q tu’sinikke iye boli’wi’ ushi’n wog’an basqa bir predmet yaki waqi’yani’n’ belgisi ko’shiriledi, uqsati’ladi’.

Troplar ha’r qi’yli’ ko’rinislerge iye. Wolar a’dette, so’zdin’ haqi’yqi’y ha’m uqsas ma’nileri wortasi’ndag’i’ baylani’sqa ha’m su’wretlew obektine, qatnasi’na qarap to’mendegishe klassifikaciya qi’li’p u’yreniledi.

Uqsas (komparativ) troplar. Troplardi’n’ bul topari’na uqsas su’wretlew obektin si’rtqi’ ko’rinisi jag’i’nan wo’zine uqsasi’raq bolg’an obektke sali’sti’ri’w. Uqsas troplardi’n’ uli’wmali’q qa’siyeti sonda, bularda yeki predmet (uqsati’li’p ati’rg’an predmet ha’m uqsap ati’rg’an predmet) bir-birine sali’sti’ri’ladi’ yeki bir predmet (uqsap ati’rg’an predmet) tin’ qa’siyetleri basqa predmet (uqsati’li’p ati’rg’an predmet) ge ko’shiriledi. Solay yetip, su’wretlew obekti obrazli’ su’wretlenedi. Uqsas troplar metafora, ten’ew, janlandi’ri’w, simvol, allegoriya si’yaqli’ troplar boli’p yesaplanadi’.

Metafora – (grekshe ko’shiriw) ko’p qollanatug’i’n poetik troplardan biri. Metaforani’n’ ma’nisi bir na’rseni amanatqa ali’w boli’p yesaplanadi’. Ha’m bul ko’rkemlew qurallardi’n’ ma’nisi sonnan ibarat dep jazg’an shayi’r Rashididdin Vatvat, -ha’r so’zdin’ haqi’yqi’y ma’nisi boli’p, shayi’r so’zdi wol ma’ni ko’z-qarasi’nan tu’sindiredi ha’m basqa bir wori’nda sol so’zdi basqa ma’nide qollani’ladi’. Yeger metafora ta’biy bolsa, so’zge go’zzalli’q bag’i’shlaydi’. Tu’rkmen a’debiyatshi’si’ R.Rejebov lirikali’k shi’g’armalar tuwrali’ pikirlerinin’ birinde lirikada kewil su’wretlenetug’i’ni’n jazadi’, wondag’i’ metaforalar bolsa ku’ta’ a’yyemnen kiyati’rg’an kewildin bir kategoriyasi’, dep bahalaydi’ ha’m metaforalar obrazdi’n’ birigip ketken sostavi’ si’pati’nda poetikani’n’ da aji’ralmas bo’legi[1] dep yesaplaydi’. Qazaq ali’mi’ Z.Qabdolov bolsa metaforalar tuwrali’ «A’debiy tildegi yen’ basli’ qubi’lti’wlardi’n’ biri-awi’sti’ri’w, yaki metafora-so’zdin’ mag’anasi’n tu’rlendirip, wo’zgertip ayti’w, su’wretlenip ati’rg’an zatti’ yamasa qubi’li’sti’ ayqi’nlap, yele de suli’wlandi’ri’w ushi’n wolardi’ wo’zlerine uqsas wo’zge zatqa yaki qubi’li’sqa sali’sti’ri’w, solay yetip su’wretlenip ati’rg’an zatti’n’ yamasa qubi’li’sti’n’ mag’anasi’n joqari’lati’w, mazmuni’n teren’letip, ta’sirin ku’sheytiw»[2] , dep jazadi’.

[1] Квятковский А. Поэтический словарь. Москва, Советская энциклопедия, 1966., стр. 312.
[1] Режебов Р. Лирики мезмун ве шығыр сунгаты. Ашгабат, «Ылым», 1968., 165-166-б.
[2] Қабдолов З. Сөз өнери. Алматы, «Мектеп», 1982., 227-б.

Metafora yeki predmet yaki ha'diyse wortasi'ndag'i' uqsasli'qqa tiykarlanadi': uqsati'li'p ati'rg'an na'rsege uqsap ati'rg'an na'rsenin' qa'siyetleri, si'pati', belgileri ko'shirilip wo'tkiziledi. Ta'biyat ko'rinislerin si'zi'wda da metaforalar shayi'rg'a qolay boli'p tabi'ladi'.

Metaforalar ha'r qi'yli' ko'riniske iye: jabi'q metaforalar, ashi'q metaforalar, metaforali'q su'wretlewler ha'm tag'i' basqa.

Yeger uqsati'li'p ati'rg'an na'rse tu'sirilip qaldi'ri'li'p, tek uqsap ati'rg'an na'rseler g'ana berilgen bolsa, ashi'q metaforalar payda boladi'.

Yeger tekste uqsati'li'p ati'rg'an na'rselerdin' wo'zi g'ana boli'p, uqsag'an na'rse tu'sirilip qaldi'ri'lsa, ayi'ri'm belgilerin uqsati'li'p ati'rg'an na'rsege ko'shirilip wo'tkizilgen bolsa, jabi'q metafora payda boladi'.

Ayi'ri'm waqi'tlarda su'wretlew obekti uqsati'w qurallari' ja'rdeminde su'wretleniwi mu'mkin. Bunday metaforalar, su'wretlewler dep ju'rgiziledi.

Metaforalar wo'zinin' ta'biyati'na ko're ten'ewlerge jaqi'n turadi': ten'ewler de, metaforalarda da yeki predmetti bir-birine sali'sti'ri'w arqali' su'wretlew obektin obrazli' ha'm ani'q qi'li'p ashadi'. Sol ta'repten, ayi'ri'm ilimiy miynetlerde «metafora -jasi'ri'n uqsati'w», «metafora –qi'sqa uqsati'w» boli'p yesaplanadi', degen pikirler ushi'rasi'p turadi', bul pikirler, menin'she, duri's yemes. Sebebi, ten'ew menen metafora yekewi bir na'rse yemes, wolardi'n' tek wo'zine ta'n bolg'an qa'siyetleri bar. Solardan, ha'r qanday ten'ewde keminde yeki na'rse –uqsati'li'p ati'rg'an na'rse ha'm uqsati'p ati'rg'an na'rse boli'wi' sha'rt bolsa, metaforada usi' zatlardi'n' tek birewi (ko'binese uqsag'an na'rse) boladi'. Bunnan ti'sqari', ten'ewde bizler haqi'yqi'y ma'nisinde qollansa, metaforada so'zler astarli' ma'nide qollani'ladi'.

Epitet-ko'rkem a'debiyat tilinde predmet, waqi'ya-ha'diyse ha'm insanlardi'n' belgi – qa'siyetlerin ani'qlaw, ta'riyiplew, su'wretlew usi'li'. Epitet so'z ani'qlawshi' so'z benen birigip, wo'zine ta'n belgilerin wog'an ko'shirgen halda belgili bir ha'diysenin' wol yaki bul ta'replerin ani'qaydi'. Epitet qollani'wi'nan maqseti sol, shayi'r sol qural arqali' su'wretlenip ati'rg'an ha'diysenin' wol yaki bul belgisine kitap woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n tartadi', wog'an emociya woyatadi'. Epitetlik su'wretlewge obrazli'li'q ha'm ta'sirshen'lik ha'm ko'rkem ani'qlawshi'li'q ta'n. A.N.Tolstoydi'n' pikirinshe, epitet birden ko'zge taslanatugi'n fotokameradag'i' «lip» yetken nurday predmetti ju'da' ani'q jari'ti'wi' kerek. Epitetler ja'rdeminde predmet ani'q tu'sinikli ha'm ko'zge taslani'p turatug'i'n boli'p su'wretlenedi.

Ha'r qanday ani'qlawshi' so'z epitet wazi'ypasi'n atqari'wi' mu'mkin.

Epitet metafora ha’m metonimiya faktorlari’ tiykari’nda jarati’li’wi’ mu’mkin. Bul ko’z-qarastan, epitetler metaforali’q, metonimiyali’q epitetlerge aji’raladi’. Epitetlerdin’ metafora ha’m metonimiyadan parqi’ sonda, epitetler ani’qlawshi’ so’zler menen birigip kelse, metafora ha’m metonimiyalar g’a’rezsiz su’wretlew si’pati’nda keliwi mu’mkin. Xali’q awi’zeki do’retpelerinde ken’ dala, jap-jasi’l bag’ si’yaqli’ turaqli’ epitetler ken’ qollani’ladi’. Epitet yaki ko’rkem ani’qlawshi’ poetik qatarda u’lken wori’n tutadi’. Jazi’wshi’ shi’g’armada metafora, metonimiya, ten’ewlerdi qollani’wi’ yaki qollanbawi’ mu’mkin, biraq wol, a’lbette, epitetlerdi ken’ qollanadi’.

Janlandi’ri’w –epitettin’ bir ko’rinisi boli’p, janlandi’ri’w adamlarg’a ta’n bolg’an qa’siyetlerdi jansi’z predmetler, ta’biyat ha’diyseleri, haywanatlar, quslarg’a ko’shiriw arqali’ payda bolatug’i’n su’wretlew usi’li’ boli’p tabi’ladi’. Janlandi’ri’w usi’li’ su’wretlew obektin bo’rttirip, ani’q ha’m rawshan qi’li’p su’wretlew imkani’n beredi.

Apostrofa –janlandi’ri’wdi’n’ bir ko’rinisi boli’p, jansi’z na’rse yaki ha’diyselerge janli’ na’rselerdey qatnas jasaladi’ eki wo’zi joq shaxsqa barday qi’li’p mu’rajat qi’li’nadi’. Usi’ jerde soni’ da ayti’p wo’tiw wori’nli’ apostrofa boli’p kelgen predmet mu’rajat qi’li’ni’p ati’rg’an shaxsqa qarag’anda passiv halatta boladi’.

Apostrofa qosi’qta ken’ qollani’latug’i’n poetikali’q troplar qatari’na kiredi.

Simvol grekshe *symbolon* –sha’rtli belgi so’zinen ali’ng’an boli’p su’wretlew obektinin’ mazmuni’ belgili bir ko’z-qarastan sha’rtli su’wretleniwshi so’z yaki predmet. Simvol wo’z ta’biyati’na ko’re tu’rlishe boladi’.

Predmetler, haywanlar, quslar, belgili waqi’yalar, ha’reket ha’m predmetlerdin’ belgileri ha’m basqalar simvolistikada u’lken wori’n iyeleydi. Mi’sali’: tu’n-baxi’tsi’zli’q belgisi, tan’-jasli’q ha’m kewililik belgisi, kepter-ti’ni’shli’q belgisi.

Simvollardi’n’ tiykari’nda barli’q waqi’tta jasi’ri’n uqsati’w turadi’. Wolar turmi’s waqi’ya-ha’diyseleri menen ti’g’i’z baylani’sli’ simvollar barli’q waqi’tta ko’rkem wo’nerde u’lken a’hmiyetke iye boli’p kelgen. Wolardan, simvollar ko’rkem wo’nerdin’ negizi bolg’an ko’rkem obrazlar ta’biyati’ menen ti’g’i’z baylani’sli’, ha’r qanday obrazda sha’rtlilik ha’m simvolika boladi’. Sebebi obraz ta’biyati’nan turmi’sli’q ha’diyselerdi individual forma arqali’ uli’wmalasti’radi’ ha’m bul process sha’rtlilik ha’m simvolikasi’z bolmaydi’. Ko’rkem a’debiyatta ten’ew metafora, epitet, parallelizm belgili da’rejede simvolli’q qa’siyetke iye boli’p yesaplanadi’. Ti’msallardag’i’ janlandi’ri’wlar, yerteklerdegi allegoriyali’q qa’siyetler de, uli’wma allegoriya-ko’rkem simvolikani’n’ ko’rinisleri boli’p yesaplanadi’.

Simvollar realistlik a’debiyatta, soni’n’ ishinde ha’zirgi a’debiyati’mi’zda ken’ qollani’lmaqta.

Simvollar prozali’q shi’g’armalarda, dramali’q shi’g’armalarda a’sirese balalar a’debiyati’nda, folklor shi’g’armalari’nda tez-tez qollani’li’p turadi’. Biraq wol lirikada ayi’ri’qsha a’hmiyetke iye.

Allegoriya (grekshe *allos*- basqasha, *agoreo*-so’yleymen) simvolikani’n’ bir ko’rinisi-waqi’ya-ha’diyse yaki predmettin’ jasi’ri’n tu’sinigi worni’nda qollani’latug’i’n konkret tu’sinikti su’wretlewshi so’z (obraz).

Xali’q awi’zeki do’retpelerinde, ko’binese tu’lki-sumli’qli’ adamlarg’a, qasqi’r-ashko’zlerge, toti’-ko’p so’yleytug’i’n ha’m qosi’qshi’ adamlarg’a qarata qollani’ladi’. Allegoriya mine usi’.

Allegoriya shi’g’armalarda turmi’sli’q obrazlardi’n’ konkret belgileri jazi’wshi’ su’wretlemekshi bolg’an obrazli’ ma’nidegi tu’sinik ha’m ha’diysenin’ tiykarg’i’ qa’siyetlerine muwapi’q boladi’. Wobrazlardi’n’ ti’msalli’q xarakterde boli’wi’, tiykari’nan ti’msal janri’na ta’n qa’siyet boli’p yesaplanadi’. Haywan, qus si’yaqli’lar g’ana yemes, ha’tte buyi’mlar, predmetler, waqi’yalar da allegoriyali’q xarakterde boli’wi’ mu’mkin.

Uqsas (kontigual)troplar. Uqsas yemes troplarda su’wretlew obekti si’rtqi’ ko’rinisi jag’i’nan wonshelli uqsas bolmag’an, biraq tu’sinikte jaqi’nli’g’i’ bolg’an obektke jasi’ri’n sali’sti’ri’ladi’. Bul topardag’i’ troplar quramali’raq, ha’r qi’yli’, baylani’sli’raq boladi’. Wolarg’a to’mendegi troplar kiredi.

Metonimiya –(grekshe-qayta ataw) yeki tu’sinik wortasi’ndag’i’ jaqi’nli’qqa tiykarlang’an troplardan boli’p yesaplanadi’. Bir predmet yaki ha’diyse atamasi’n ishki baylani’s (tu’siniktegi jaqi’nli’q tiykari’nda) joli’ menen basqa so’z yaki tu’sinik penen wori’n almasti’ri’w arqali’ metonimiya payda boladi’. Mi’sali’, avtordi’n’ worni’nan shi’g’arma ati’ yaki kerisinshe shi’g’arma ati’ worni’nda avtor ati’n qollani’w –metonimiya.

Giperbola-su’wretlenip ati’rg’an shaxs, predmet ha’m waqi’ya ha’diyselerdin’ belgili bir ta’repin bo’rttirip, ku’sheytip su’wretlew usi’li’. Shayi’r ideali’ni’n’ ku’sheytiliwi, emociyani’ asi’ri’w, obrazdi’ ku’sheytiw maqsetinde giperbola qollani’ladi’.

Giperbolali’ su’wretlew tiykari’nan yeki faktorg’a (ha’reket ha’m halatti’ ku’sheytiwge qarati’lg’an) tiykarlang’an boladi’. Bunday belgi ha’m qa’siyetlerdi ku’sheytiwge xi’zmet qi’latug’i’n giperbola tiykari’nda ti’g’i’z baylani’s boladi’. Giperbola ta’biyati’nan a’debiy janlarg’a baylani’sli’. Giperbola awi’zeki so’ylesiwde de, folklorli’q shi’g’armalarda da, jazba a’debiyatta ta ko’p ushi’rasadi’.

Ko’rkem a’debiyatta giperbolani’n’ to’mendegi tu’rleri ko’p qollani’ladi’.

a) tablig’-ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw mu’mkin, a’melge asi’ri’w qi’yi’n bolg’an ku’sheytilgen bo’rtirilgen su’wretlew usi’li’.

b) ig’roq –ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw qi’yi’ni’raq biraq uli’wma a’melge asi’ri’p bolmaytug’i’n bo’rttirilgen su’wretlew usi’li’.

v) g’uluvv-ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw de qi’yi’n, a’melge asi’ri’wda mu’mkin bolmag’an bo’rttirilgen su’wretlew usi’li’.

Giperbola, tiykari’nan romantikali’q shi’g’armalarda, sonday-aq satirada ko’p qollani’ladi’. Balalar a’debiyati’nda da bul usi’l tiykarg’i’ su’wretlew usi’llari’nan biri boli’p yesaplanadi’. Biraq prof. Abdurauf Fitrat aytqani’nday, giperbola shi’n (shi’n kewilden) bolsa, ju’da’ asi’ri’p jiberilmese, jasalmali’qtan uzaq bolsa, sezimlerdegi ku’shlilik, wo’tkirlilikti an’lawg’a u’lken ja’rdem beredi.

Litota (grekshe *litotes*-a’piwayi’, kishi) –su’wretlew obektin kishireytip, pa’seytip ko’rsetiw usi’li’. Litota giperbolani’n’ pu’tkilley qarama-qarsi’si’. Jazi’wshi’ wo’z ideali’q-ko’rkemlik niyetine mass keletug’i’n na’rselerdin’ a’hmiyetin ayti’p, bo’rttirip ko’rsetiw niyetinde woni’n’ antipodi (yaki wog’an parallel turg’an na’rse) ni’n’ qu’diretin, ko’lemin bile tura kishireytip su’wretleydi ha’m bul usi’l arqali’ kitap woqi’wshi’ni’n’ itibari’n su’wretlew obektine qaratadi’ obektti ani’q su’wretleydi.

Sinekdoxa-(grekshe *synecdoche*-birge an’law, qosi’p tu’siniw). Mug’dari’ jag’i’nan bir predmet belgilerin basqasi’na ko’shiriw usi’li’. Sinekdoxa-tipiklestiriwdin’ a’hmiyetli su’wretlew qurallari’nan biri. Ko’rkem a’debiyatta sinekdoxalardi’n’ to’mendegi tu’rleri ko’p qollani’lmaqta:

a) Bo’lek, bo’lim arqali’ pu’tkil zatti’, yamasa uli’wmali’q arqali’ bo’lekti su’wretlew sinekdoxa boli’p yesaplanadi’.

b) Ko’plik wori’nda birlik yaki birlik worni’nda ko’plik formalari’n qollani’w joli’ menen de sinekdoxalar jarati’w mu’mkin.

v) Ani’q yemes san worni’nda ani’q san yaki ani’q san worni’nda ani’q yemes san keliwi-sinekdoxa boli’p yesaplanadi’.

Perifraz (grekshe *peri*-a’tirap, phrasis-so’yleymen) So’ylewdin’ ko’rkemliligin asi’ri’w maqsetinde predmet, adam, waqi’ya-ha’diyseler atamasi’n wolardi’n’ ma’nilerin, qa’siyetlerin su’wretlewshi so’z yaki yao’z dizbegi menen almasti’ri’w usi’li’. Mi’sali’: «bu’rkit» so’zi worni’nda «quslardi’n’ patshasi’», t.b.

Perifraz zat ha’m ha’diyselerdin’ haqi’yqi’y atamasi’ menen birge qollanadi’. Troplardi’n’ bul topari’na yaki qarama-qarsi’ tu’sinikke iye so’zlerdi birge qollani’w yaki bilip bilmeslikke ali’w faktorlari’na su’yengen halda a’mel qi’li’p jarati’lg’an kesetip ayti’w, mi’sqi’llap ayti’wlar kiredi. İroniya, antifraz, sarkazm, woksimoron t.b. qarama-qarsi’ troplardi’n’ ko’p qollani’latug’i’n tu’rlerinen boli’p yesaplanadi’..

İroniya-biykarlawdi’n’ bir ko’rinisi boli’p, su’wretlew obekti u’stinen jasi’ri’n ku’liw, mi’sqi’llaw.

İroniyali’q usi’lda kelgen so’z yaki so’z birikpesinin’ tiykarg’i’ ma’nisine yeles, qosi’msha- jasi’ri’n ma’nisine itibar beriledi.

İroniyani’n’ yeki tu’ri (a’shkaralawshi’ ha’m jen’il ku’lki) boladi’. Wobrazlardi’n’ ironiyali’q usi’lda boli’wi’, tiykari’nan ti’msallarg’a ta’n qa’siyet boli’p yesaplanadi’.

Antifraz-ironiyani’n’ bir tu’ri boli’p, bir shaxs yaki predmetke ta’n bolg’an wol yaki bul qa’siyetti ku’lki intonaciyasi’ menen biykarlaw boli’p yesaplanadi’.

Yeger teksttegi so’z yaki so’z birikpesinde tiykarg’i’ ma’nis yemes, kerisinshe qarama-qarsi’ ma’ni na’zerde tuti’lsa antifraz payda boladi’.

Sarkazm-(grekshe *sarkasmos*-qi’ynaw, azar beriw) ashshi’ ga’p, yeskertiw, mi’sqi’llaw. Ashshi’ ku’lki ha’m jala-sarkazmni’n’ tiykari’n quraydi’. Lirikli’q, epikali’q ha’m dramali’q shi’g’armalarda, tiykari’nan, ku’ldirgi so’zde ken’ qollani’latug’i’n su’wretlew usi’li’. Sarkazm so’zdin’ haqi’yqi’y ma’nisine qarama-qarsi’ bolg’an qosi’msha ma’niden kelip shi’g’adi’. Sarkazmda intonaciya ha’m avtordi’n’ su’wretlew obektine qatnasi’ u’lken rol woynaydi’. A’dette, sarkazmda shaxs, na’rse yaki waqi’ya-ha’diysenin’ unamsi’z ta’repleri ashkaralanadi’.

Oksimoron (grekshe *oxymoron*-nadan) yeki qarama-qarsi’ tu’siniklerdi su’wretlewshi so’zlerdi birge qollani’w joli’ menen su’wretlew obektin bo’rttirip ko’rsetiw usi’li’. Mi’sali’ tiri-o’lik, wo’li-jan, t.b. Bir qarag’anda oksimoron antitezag’a jaqi’n turg’anday ko’rinedi. Tiykari’nda bunday yemes: antitezada bir-birine qarama-qarsi’ tu’sinikli so’z bir-birin biykarlaydi’, oksimoronda bolsa yeki qarama-qarsi’ tu’sinikli so’z bir-birine birlestiriledi, biri yekinshisine ani’qlawshi’ boli’p xi’zmet yetedi.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda troplar haqqi’nd ilimiy pikirler, ilimiy jumi’slar derlik joq. Biraq ayi’ri’m a’debiyatlarda qi’sqasha so’z yetilgen. Wolar to’mendegishe?

Trop-(grekshe *tropes*- «basqa bir na’rsege aylani’w» ma’nisinde) ko’shpelilik ko’rkem shi’g’armada bir na’rseni sa’wlelendiriw ushi’n so’zlerdin’ wo’zinin’ tu’pkilikli ma’nisinde yemes, al ko’shpeli mag’anada qollani’w. A’debiyatta tropti’n’ metafora, metonimiya, sinekdoxa, allegoriya, litota, simvol si’yaqli’ bir neshe tu’rleri bar.

Metonimiya-*metha*- qaytadan, *nimios*-ataw, qaytadan degendi an’latadi’. Su’wretlew qurallari’ni’n’ biri. So’zlerdin’ awi’spali’ ma’nisine tiykarlang’an su’wretlew. Metonimiyada su’wretlenip ati’rg’an zat yamasa waqi’ya basqa at penen su’wretlenedi. Mi’sali’: «Qazan qaynap ati’r». Negizinde qazan yemes, al wondag’i’ awqat qaynap ati’r. «Tandi’r wo’rtedim»,

«Tandi’r wo’rtenbeydi, al woni’n’ ishindegi woti’ndi’ jaqti’m degen ma’nisti bildiredi». «Qala uyi’qlap ati’r». Qala yemes, al wondag’i’ adamlar uyi’qlap ati’r.

Sinekdoxa- (grekshe *synexdoche*-uqsati’w ma’nisinde) ko’rkem shi’g’armada bir pu’tinnin’ worni’na woni’n’ bir bo’lshegin ali’p su’wretlew usi’li’. Mi’sali’ shayi’r İ.Yusupov wo’zinin’ Berdaqqa arnalg’an qosi’g’i’nda:

«Sen qosi’qsan’ ji’rti’q u’yde tuwi’lg’an,
Ash xali’kti’n’ a’rmani’na tuwi’lg’an»

-degen qatardag’i’ «qosi’qsan’» degen so’z arqali’ sen pu’tkil qaraqalpaq xalqi’ni’n’ a’rmani’ su’wretlewshi u’lken bir poeziya, a’debiyat du’nyasi’san’ degen ma’nini obrazli’ tu’rde sinekdoxa arqali’ jetkerip tur. Soni’n’ ushi’n bul su’wretlew usi’li’ metonimiyani’n’ bir tu’ri si’pati’nda qaraladi’.

Ten’ew- ko’rkem shi’g’armada bir zatti’ yekinshi bir zat penen sali’sti’ri’p ko’rsetiw. A’dette ko’rkem shi’g’armalarda ten’ewler qaraqalpaq tilinde-day,-dey, -tay,-tey t.b. si’yaqli’ qosi’mtalardi’n’ qosi’li’wi’ arqali’ jasaladi’ ha’m wol woy-pikirdin’ obrazli’li’g’i’n, ta’sirliligin, teren’ woyli’g’i’n keltirip shi’g’aradi’.

Mi’sali’:

Na’psin uraday ashqani’,
Abi’royi’ni’n’ qashqani’,
Hesh waqi’t shoshqa shoshqani’
Azi’wlasi’p jarg’an yemes.

Epitet (greksheden *epitophios*- ani’qlaw ma’nisinde) zat ha’m qubi’li’slardi’n’ sapasi’n, si’pati’n ayqi’nlasti’ri’w ushi’n ali’ng’an si’patlawshi’ so’z. Epitet ko’rkem su’wretlewdin’ yen’ jiyi qollani’latug’i’n tu’ri, wol arqali’ jazi’wshi’-shayi’rlar qaharmanni’n’ yamasa qubi’li’sti’n’ yen’ birden ko’zge tu’serlik ayqi’n belgisin atap ko’rsetedi, solay yetip, woni’ ko’zge ayqi’ni’raq yetip yelesletedi.

Ba’lent shi’n’ baslari’n an’sasa tarlan,
Talmas qanatlari’ ko’kte sharq urar,
Qayda bag’lar, go’zzal tawi’s tarang’an,
Qayda qaldi’ ko’kti su’zgen minarlar.

*(Sh.Seyitov)*

Litota -(grekshe *litotes*-a’piwayi’li’q, kishilik). Litota su’wretlep ati’rg’an zatti’ yamasa adamdi’ obrazli’ yetip ko’rsetiw ushi’n qollani’ladi’, wol giperbolag’a qarama-qarsi’ tu’sinik. Mi’sali’: «Shappattay bala», «Taqi’yaday awi’l» t.b.

Giperbola-ulg’ayti’p ko’rsetiw, bo’rtirip ko’rsetiw. Ko’rkem shi’g’armada anaw yaki mi’naw na’rselerdi, sharayatlardi’, ko’rinislerdi, personajlardi’, wolardi’n’ is-ha’reketlerin shennen ti’sqari’ bo’rttirip ko’rsetiw ushi’n giperbola dep ju’ritiledi. Giperbol folklorli’q shi’g’armalarda wog’ada ko’p qollani’ladi’. Mi’sali’: qaharmanli’q da’stanlarda bati’rlar jawdi’n’ ko’p la’shkerlerin bir wo’zi qi’ri’p taslaydi’, adam qani’ da’riyaday ag’adi’.t.b. Giperbola realistlik a’debiyatta da qollani’ladi’. Mi’sali’: İ.Yusupovti’n’ «Seydan g’arri’ni’n’ gewishi» gu’rrin’inde Seydan g’arri’ni’n’ gewishi mi’n’ jamawi’ bar yetip su’wretlenedi, wonda tawi’qlar quri’q basi’p, sho’jeleydi. Negizinde wolay boli’wi’ mu’mkin yemes. Giperbola su’wretlenip ati’rg’an zatqa yamasa obrazg’a woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n ayi’ri’qsha qarati’w ushi’n qollani’ladi’.

Sarkazm-turmi’stag’i’ unamsi’z na’rselerdi wo’tkir tu’rde mi’sqi’llap, tu’yrep su’wretlewshi satirali’q usi’l. Bunday su’wretlew usi’li’nda qaharmanni’n’ boyi’ndag’i’ unamsi’z ha’reketler, si’rtqi’ pishimge tiyisli ko’rinisler bile-go’re mi’sqi’l tu’rinde bo’rttirip, ulg’ayti’p ta ko’rsetiledi ha’m wonda si’naw, minew u’lken a’hmiyetke iye. Sarkazmlik su’wretlew a’debiyatti’n’ barli’q janrlari’nda da ushi’rasa beredi.

Simvol-ko’rkem shi’g’armada sha’rtli tu’rdegi astarli’ ma’ni de qollani’lg’an su’wretlew usi’li’. Wol a’debiyattani’wda metaforani’n’ bir tu’ri si’pati’nda da qollani’ladi’. Bunday simvolikali’q su’wretlew arqali’ da jazi’wshi’ –shayi’rlar turmi’s haqi’yqatli’g’i’n ta’sirli ha’m obrazli’ tu’rde wo’z woqi’wshi’lari’na jetkerip woti’radi’. Mi’sali’: Berdaq «Jaz keler me?», qosi’g’i’nda «duman», «jaz», «qi’s», «dawi’l» so’zlerin simvolikali’q su’wretlew usi’li’, simvolikali’q obrazlar retinde sol da’wirdin’ turmi’si’n ko’rsetiw ushi’n paydalani’lg’an.

## II. Bap. Ji’raw-shayi’rlar tolg’awlari’nda troplardi’n’ qollani’li’w wo’zgesheligi.

## II.1. Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde ten’ew, epitet ha’m giperbolalardi’n’ qollani’li’wi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’nda ji’raw-shayi’rlar miyrasi’ u’lken a’debty miyras si’pati’nda u’yreniletug’i’n temalardi’n biri. Wolardi’n’ do’retiwshiligi tek g’ana poeziyali’q shi’g’armalar boli’r qalmastan, xali’kti’n’ sol da’wirdegi social-ekonomikali’k jag’dayi’n, ma’deniy turmi’si’n, a’debiy ortali’g’i’n u’yreniyade tiykarg’i’ darekler boli’p xi’zmet yetedi. Sol ushi’n da tolg’awlardi’n’ janrli’q, tematikali’q wo’zgesheliklerin, wolardag’i’ poetikali’q sheberlik ma’selelerin u’yreniw aktual ma’selelerden esaplanadi’.

Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginin’ poetikasi’n u’yreniw bari’si’nda biz tolg’aw tekstlerindegi troplardi’n’ izertleniw za’ru’ligin anladi’q. Tolg’aw janri’ni’n’ wo’zgesheligi sonda, wol ko’birek mun’li’ xarakterge iye boladi’. Sebebi, «tolg’aw» so’zinin’ wo’zi «tolg’ani’w» degen so’zden kelip shi’qqan. Wol yari’m folklorli’k shi’g’arma dep te ataladi’. Wondag’i’ bayanlani’w usi’llari’ da’stan ha’m xali’q qosi’qlari’ndag’i’ bayanlaw usi’llari’ menen u’nles keledi. Soni’n’ ushi’n da wolardi’n’ atqari’li’w bag’i’ti’, syujetlik liniyasi’, sonday-aq, poetikasi’ da bir-birine jaqi’n keledi. Tolg’awlarda qollani’lg’an troplar haqqi’nda da usi’ pikirdi aytsaq boladi’.

Troplar –poeziya jani’, lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerin obrazli’ tu’rde jetkeriw ushi’n xi’zmet yetetug’i’n qurallar boli’p yesaplanadi’. Xali’qti’n’ mun’i’n ko’rkem estetikali’q ha’m emocionalli’q ta’sirshen’likke iye bolg’an qatarlar menen jetkeriwde ko’rkem su’wretlew qurallari’ u’lken rol atqaradi’. Solardi’n’ yen’ a’piwayi’ tu’ri –bul ten’ewler. Mi’sali’:

Bay balasi’ bayg’a usar,
Baylanbay wo’sken tayg’a usar,
Biy balasi’ biyge usar,
Biyik-biyik shi’n’g’a usar[1].
*(Soppasli’ Si’pi’ra ji’raw)*

Bunda ja’miyettegi qatlamlar –bay balasi’ biy balasi’ arasi’ndag’i’ pari’qti’ bildiriw ushi’n avtor ten’ewlerden sheber paydalang’an. –«tayg’a usar», «shi’n’g’a usar», ten’ewleri

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдиң әдебий естеликлери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986., 54-бет.

bay ha’m biy balasi’ni’n’ ja’miyettegi tutqan wori’nlari’n belgili da’rejede ko’rsetedi. Bul qatarlar arqali’ bay balalari’ni’n’ turmi’sti’ jen’il sezgen yerkeligi ayti’lsa, biy balalari’ni’n’ aqi’l parasatli’li’g’i’ ayti’lg’an.

Bul da’wirde payda bolg’an tolg’awlardi’n’ ha’mmesi de derlik Yedil ha’m Jayi’q da’ryasi’ menen baylani’sti’ri’lg’an. Wonda jeke adamlar ta’g’diri ayti’lsa da tiykarg’i’ ideya xali’q ta’g’diri menen bekkem baylani’sli’ jag’dayda su’wretlengen. Mi’sali’:

Aylani’p aqqan aq Jayi’q,
Barati’rmeken wortayi’p.
Iqqa qaray tez qaytar,
Wo’mir degen –bir qayi’q,
U’yde, du’zde sa’nim joq,
Barati’r jasi’m qartayi’p.
Saqali’m quwday ag’arg’an,
Su’yegim qalg’an qaqayi’p. [1]

*(Soppasli’ Si’pi’ra ji’raw)*

Bul mun’li’ tolg’aw Yedil boyi’nda jasari’n jasap, qartayg’an hali’nda biyperzentlikten qi’ynali’p, dushpanni’n’ zorli’g’i’na ushi’rag’an bir mu’sa’pir g’arri’ni’n’ ta’g’dirin ko’z aldi’mi’zg’a keltiredi. Bul sezimlerdi beriwde «bir qayi’q» metaforasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ du’nyag’a bolg’an filosofiyali’q woylari’n bildirse, «quwday» «ten’ew» usi’ qaharmanni’n’ jasi’ a’dewirge bari’p qalg’anli’g’i’n an’lati’p tur.

Ten’ewler Mu’yten ji’rawdi’n’ tolg’awlari’nda da ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Sayxun da’rya suwi’nan,
Ko’ldenen’ kesip wo’tin’iz,
**Jiydeli** baysi’n ulli’ jurt,
Ulli’ jurtqa jetin’iz,
Ba’lent bolar tawlari’,
Malg’a jayli’ wo’ris bar.
Sho’bi bolar **qunarli’,**
Tawda wo’sken jemis bar.

[1] Сонда, 55-бет.

Qaptali'nda ten'izi,
İshinde bali'q woynag'an,
Bekireleri **i'laqtay**,
Jegen awi'z toymag'an.
Bir jag'i'nda da'ryasi',
Sag'an alg'an bati'ldan,
Dalasi'nda kiyigi,
**Wo'r qohiday** ati'lg'an. [1]

*(Mu'yten ji'raw)*

Shayi'r wo'z tolg'awlari'nda «Jiydeli Baysi'n» degen bir go'zzal jer haqqi'nda ko'p aytadi'. Biraq, tilekke qarsi', wol jerdin' qay jer yekenligi toli'q ani'qlanbag'an. İlimpazlar «qaptali'nda ten'izi bar» degen qatarg'a su'yene woti'ri'p Aral a'tirapi'n aytqan bolsa kerek degen pikirlerdi de beredi. Bizge keregi, usi' tolg'awdi'n' troplardi'n' qollani'li'w sheberligi ha'm atqaratug'i'n xi'zmeti.

«Jiydeli Baysi'n» dizbegindegi «jiydeli» toponimi obrazli' epitet. Bunda Baysi'n yelinin' jiydeli so'zi menen birge qollani'li'wi' qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'nda ko'plep ushi'rasadi'. Mi'sali', «Alpami's» da'stani'ndag'i' Alpami'sti'n' tuwi'lg'an jeri de Jiydeli Baysi'n dep atadi'. Al «qunarli'» epitet bolsa lirikali'q qaharmanni'n' tuwi'li'p wo'sken jurti'ni'n' jeri toyi'mli' sho'plerge bay yekenligin bildiriw ushi'n qollani'lg'an. «Ilaqtay» ten'ewi Aral ten'izinin' bekirelerinin' u'lkenligin bildiriw menen birge usi' arqali' ten'iz bali'qlari'ni'n' toyi'ng'an, semiz ha'm ko'p yekenliginen de derek beredi. «Wo'r qoyanday» ten'ewi –obrazli' ten'ew. Kiyiktin' tastan-tasqa sekirip ju'retug'i'ni' ani'q. Al, «wo'r qoyan» g'a ten'ewi wolardi'n' u'rkek ha'm tutti'rmastay shaqqan yekenligin de bildiredi.

Yel shetine jaw kelse,
Qashar yeken da'wletin',
**Shegirtkedey** zali'mlar,
Araladi'-aw jer betin. [1]

*(Mu'yten)*

---

[1] Сонда, 64-бет.
[1] Сонда.

Jungar xani’ Tsevan Rabtanni’n’ Tu’rkstang’a basti’ri’p kirgeni ha’m woni’n’ ha’dden zi’yat jawi’zli’g’i’ haqqi’nda tariyxi’y tolg’awlar sol da’wirdin’ xali’q a’debiyati’ u’lgilerinde ko’p ushi’rasadi’. Tariyxi’y dereklerde bul jawi’z xanni’n’ bes mi’n’nan aslam xali’qti’ tutqi’n yetip ali’p ketkenligi haqqi’nda faktler ushi’rasadi’. Soni’n’ ushi’n da bul mu’siybetli waqi’yalar a’debiyatta da u’lken iz qaldi’rg’an. «Shegirtkedey» giperbolasi’ni’n’ qollani’li’wi’ni’n sebebi, shegirtke ati’zda ju’da’ ko’p boladi’. Wolarg’a ha’tteki ku’shin’ de jetpey qaladi’. Shegirtkelerdin’ zi’yanli’g’i’ ha’m ko’pligi Tsevan Rabtanni’n’ wog’ada ko’p la’shkerlerin ten’ew ushi’n qollani’lg’an.

Ja’ne bir tolg’awi’nda ji’raw-shayi’r bala-shag’asi’ni’n’ ari’ ushi’n bir qasi’q qani’ qalg’ansha gu’resken lirikali’q qaharmanni’n’ ayani’shli’ wo’miri su’wretlenedi.

Mi’sali’:

**Misli ji’lan ku’yinde**,
Qalmaq keldi u’yime,
Qolg’a ali’p qi’li’shti’,
Basladi’m men uri’sti’….
Hayali’mi’ jaw qol saldi’,
Ta’g’dirdin’ qara isine.
Bul waqi’ya yengendey,
**Misli menin’ tusimi**. (1986:65-bet)

Bunday abaysi’zda u’yine basti’ri’p kirgen qalmaqti’n’ ha’reketlerine qarsi’li’q ko’rsetken lirikali’q qaharmanni’n’ sol waqi’ttag’i’ qarsi’li’qlari’n ko’rsetilgen.

Usi’ epizodti’ tolg’aw qi’li’p bayanlap beriwde wol ten’ewlerden sheber paydalang’an.

Epitet-ji’raw-shayi’rlar miyrasi’nda ju’da’ ko’p qollani’lg’an. Mi’sali’:

Toqtami’sti’n’ da’wirinde,
Qulg’a biylik tiygen son’,
Jesir qati’n, jesir ul,
Bulardi’n’ ku’ni ne kesher?
So’z so’yleymen Qarabek,
Mennen sag’an so’z kerek.
Asti’na **qara pul** sali’p,
U’stine **qi’zi’l** sebelep,
Aldayman dep keldin’ be,

Atan’a na’let ba’direk. (1986:53-bet)

*(Soppasi’l si’pi’ra ji’raw)*

Bul Toqtami’sti’n’ wa’ziri Genjebayg’a qarati’li’p ayti’lg’an tolg’awlari’ni’n’ biri. Bunda «qara» -obrazli’ epitet. Sebebi, puldi’n’ quni’ni’n’ to’men yekenligin bildiriw maqsetinde qollani’lg’an. «Qara» so’zinin’ wo’zi ku’shlilikti, ma’rtlikti de bildirgen. Degen menen, woni’n’ unamsi’z xarakterdegi mazmunlari’ ko’birek: «qara puqara», «qara kewil», «qara qayg’i’» h.t.b. Bul jerde de puldi’n’ qa’dirsizligin bildiriw maqsetinde «qara» so’zi epitet ushi’n tan’lap ali’ng’an. Al, «qi’zi’l sebelep» dizbegindegi «qi’zi’l» so’zi metonimiya. Bunda «qi’zi’l» «alti’n» -yag’ni’y, qi’mbat bahali’ ten’geler ma’nisinde qollani’lg’an. «Qi’zi’l» so’zi unamli’ xarakterde ko’birek qollani’lg’an: «qi’zi’l qamqa», «qi’zi’l ton» wolardi’n’ qunli’li’g’i’n bildiriw ushi’n qollani’lsa, «qi’zi’l ju’z» -suli’wli’qti’, iybeni bildiriw ushi’n qollani’lg’an. Tolg’awdan ko’rinip turg’ani’nday, sol waqi’tti’n’ saray a’meldarlari’ni’n’ wo’zi xali’q turmi’si’ menen sanaspag’an. Ha’r bir ha’reketi menen xali’qti’ aldag’an. Soni’n’ ushi’n da haqi’yqatshi’l ji’raw wolardi’n’ tobasi’na qali’p ketkisi kelmeydi. Wolardi’n’ yeki ju’zlilik niyetlerin a’shkaralaydi’. Bul jag’i’nan qarag’anda ha’tte wo’zlerin «qudani’n’ yelshisi» dep yesaplap, sarayg’a mupti’ boli’p wornalasqan sol da’wirdegi «yen’ hadal» dep yesaplang’an xojalardi’n’ wo’zlerinde de yeki ju’zlilik bolg’an.

Epitetler Asan qayg’i’ni’n’ didaktikali’q tolg’awi’nda da ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Taza minsiz hasi’l, tas,
Suw tu’binde jatadi’.
Taza minsiz hasi’l so’z,
Woy tu’binde jatadi’. (1986:56-bet)

*(Asan qayg’i’)*

Bunda «taza», «minsiz», «hasi’l» so’zleri epitetlik xi’zmet atqarg’an. Filosofiyali’q woylar ja’mlengen bul qatarlarda taza tas penen taza so’zdin’ sali’sti’ri’li’wi’ arqali’ usi’ yeki predmettin’ qa’dir-qi’mbati’, bahali’li’g’i’ ko’rinedi.

XV-XVI a’sirde qaraqalpaqlar jasag’an Yedil ha’m Jayi’q da’ryalari’ni’n’ boyi’ndag’i’ dawam yetken jawgershilik, sol sebepli payda bolg’an ash a’ptadali’qlar bul da’wirde payda bolg’an tariyxi’y tolg’awlarda da teren’ su’wretlenedi. Ma’selen, dushpang’a talani’p, mal mu’lkinen ayi’ri’lg’an bir bati’r jigittin’ tulg’asi’n sa’wlelendiriw ushi’n avtor epitet ha’m giperboladan sheber paydalanadi’. Dushpanlar ko’p. Wol jalg’i’z. Biraq, solay bolsa da bunday a’dilsizlikler ushi’n bir qasi’q qani’ qalg’ansha gu’resiwge tayar yekenligin bildiredi. Mi’sali’:

Yedil boyi’ qali’n’ yel,
**Qarag’ayli’** qatpa jer,
Ati’m menin’ qara ter,
Ko’zimnin’ jasi’ boldi’ **sel**.
Qarag’ay nayza da’stimde,
**Qara** tarlan asti’mda,
Qayi’ri’li’p shawi’p kelemen,
Men dushpanni’n’ qosti’nda.
Du’nya mali’m talandi’,
Buzdi’ kewil **xanamdi’**. (1986:69-bet0
*(Tariyxi’y tolg’awlar)*

Bunda «qarag’ayli’» so’zi epitet. Obrazli’li’qti’ ku’sheytip beriw ushi’n qollani’lg’an. «Qara» so’zin qollani’w arqali’ epitet payda yetken. Biraq bunda obrazli’li’q ku’shli yemes. Sebebi, bul tek tarlanni’n’ ren’in bildiriw ha’m uyqas ushi’n g’ana tan’lang’an. Sonday-aq, u’zindi «ko’zimnin’ jasi’ boldi’ sel» giperbolasi’ da qollani’lg’an. Bunda lirikali’q qaharmanni’n’ wog’ada qi’ynalg’anli’g’i’n, sharasi’z qalg’anli’g’i’n bildiriwdi ku’sheytip ko’rsetiw ushi’n qollani’lg’an. «Kewil xanam» metonomiyali’ ko’rkemlilikti ta’miyinlew ushi’n qollani’lg’an.

Yedilden atlar keler **ag’i’li’p**,
Ayag’i’na **alti’n na’ller** tag’i’li’p,
Bi’lti’rg’i’ ketken sa’wer yar,
Bi’yi’l keler usaydi’. (1986:69-bet)
*(Tariyxi’y tolg’awlar)*

Bunda «Alti’n» obrazli’ epitet, al «na’ller» metonimiya. «Ag’i’li’p» atlar kelmeydi. Bul jerde de atlardi’n’ ko’p yekenligin yele de obrazli’, yele de ku’sheytip beriw ushi’n metaforadan paydalang’an.

Su’wretlew qurallari’ni’n’ yen’ go’zzal u’lgileri «Wormanbet biy wo’lgende» tolg’awi’nda ushi’rasadi’. Tolg’awdi’n’ tropsi’z jazi’lg’an qatari’ni’n’ wo’zi joq. Biz tek epitetli qatarlari’n alami’z. Mi’sali’:

Yelli bati'r aldi'nda,
Yen' **qi'rag'i'** Wormanbet.
Seksen bati'r aldi'nda,
**Shamshi'rag'i'** Wormanbet.
**Qarag'ayli'** tog'ayi'n',
**Jantaq** bolsa qa'ytesen'.
Apatshi'li'q ha'mmegi,
Wortaq bolsa qa'ytesen'. (1986:66-bet)

*(Wormanbet biy wo'lgende)*

«Qi'rag'i'» -epitet. Bul si'patlama Wormanbet biydin' bati'rli'g'i'n, jomartli'g'i'n bildiriw ushi'n qollani'lg'an. Yeliw bati'rg'a bas bolatug'i'nday ma'rtliktin', biyliktin' bar yekenligin sa'wlelendiriw ushi'n wondag'i' bar bolg'an si'patlardi' beriw ushi'n usi' epitet qollani'lg'an. Al, «Shamshi'raq» bolsa metafora. Bul da Wormanbet biydin' wo'z aldi'na jani'p turg'an shamshi'raq yag'ni'y jolsi'z qalg'an jag'dayda jol basshi' xali'qti'n' basshi'si' yekenligin awi'sti'ri'w usi'li' arqali' beredi. «Qarag'ayli' tog'ay» dizbegindegi «qarag'ay» obrazli' epitet woni' «jantaq» qa aylandi'ri'p su'wretlew bolsa litota. Sebebi, qarag'ayli' tog'ay menen a'piwayi' jantaq arasi'nda san ha'm sapa jag'i'nan u'lken ayi'rmashi'li'q bar.

**Si'ldi'rap aqqan bulag'i'n'**,
Ti'ni'p qalsa qa'ytesen'.
Doslar ji'lap, dushpani'n',
Ku'lip qalsa qa'ytesen'. (1986:66-bet)

*(Wormanbet biy wo'lgende)*

«Si'ldi'rap aqqan» obrazli' epitet. Buni'n' obrazli'li'g'i' «bulaq» metaforasi'ni'n' si'patlawshi' so'zi boli'p turg'ani'nan-aq ko'rinedi. Bulaq-yel-xali'q, doslar, woni'n' si'ldi'rap ag'i'wi'-bar yekenligi.

Wormanbet biy wo'lgen ku'n,
**Won san** nog'ay bu'lgen ku'n,
**Jez qorg'ali' quba arlan**,
Jitip **tu'lki** alalmay,….. (1986:66-bet)

Wormanbet biydin’ wo’limi –bul tek jeke bati’rdi’n’ g’ana qayg’i’si’ yemes, ba’lki xali’qti’n’ basi’na tu’sken u’lken apat yedi. Sebebi, Wormanbet wo’zinin’ aqi’lli’li’g’i’, hu’jdani’ ha’m bati’rli’g’i’ menen yeldi basqardi’. Soni’n’ ushi’n da yel arasi’nda woni’n’ worni’n basqanday adam joq yedi. Bul jag’daylar u’lken apatshi’li’qqa ali’p keldi. Soni’n’ ushi’n da, xali’q shopansi’z qalg’an qoyday ha’r jaqqa tarqali’p, si’rtqi’ dushpanlardi’n’ jemtigine aylandi’. Xali’q wo’zinin’ dana basshi’si’n tan’lap tolg’awlar shi’g’ara baslaydi’. Bul tolg’awlarda Wormanbet ta’g’diri menen qosi’li’p, xali’qti’n’ qayg’i’li’ wo’miri de yesitilgendey boladi’. Mi’sali’, «Won san» epiteti ko’p xali’qti’ bildirse, «jez qorg’ali’ quba» epiteti Wormanbet biydin’ qatti’li’g’i’n, xarakterindegi qaytalanbas turaqli’li’q «ku’shlilikti» bildirgen. «Arlan» metonimiya. Arlan degenimizdin’ wo’zi «qasqi’r» degen ma’nisti beredi. Qasqi’rg’a ten’ewi woni’n’ qi’r bati’ri’ yekenliginen, sahrayi’ qaraqalpaq yekenliginen da’rek beredi. Ja’ne de, bunda totemizimnin’ de belgileri ko’rinedi. «Tu’lki» dushpan bolatug’i’n bolsa, woni’ tutalmay alg’an «arlan» misli bir «ko’pek» iytke megzetiledi.

**Hasi’ldan** qalg’an a’wladsan’,
Jaqsi’dan qalg’an zu’ryadsan’,
Ken’esin’ bolsa ber deydi. (1986:67-bet)
*(Wormanbetbiy wo’lgende)*

«Hasi’l» epiteti -obrazli’ epitet. Bul arqali’ Wormanbet biydi bildirgen. Wormanbettin’ ten’siz, bahasi’ joq hasi’lg’a megzetip jazg’an.

Yesiktin’ aldi’ Si’rda’rya,
Yen’keyip suwlar ishersen’,
Ton’qayi’p tezek terersen’,
Jar basi’nda jarti’ i’lashi’q,
**Quw** mola bolar u’yin’iz,
Qag’adan bolar shu’yin’iz. (1986:68-bet)
*(Wormanbet biy wo’lgende)*

Wormanbet wo’lgennen keyin xali’q basi’na tu’setug’i’n awi’r ku’nlerdi su’wretlewde «quw» epiteti qollani’lg’an. Bunda «quw» so’zi hesh na’rsesiz qalg’an mola -a’wliyeshilikti bildiredi. Yeger a’wliye de wo’liler qalmadi’ma, demek, wol jerdin’ de tirilersiz yel-jurtsi’z

qalg'anli'g'i'. Bunda yel-jurtti'n' ata-ma'kandi' taslap ketiwi tur. Sonday-aq, u'ydin' usi' qa'birstang'a ten'eliwi –sa'nsiz, sharapatsi'z qalg'an u'ydi an'lati'w ushi'n qollani'lg'an.

**Yetikli** suwlar keshersen',
**Qayg'i'li'** yeskek yesersen',
Bul ko'shkennen ko'shersen',
Tu'rkstang'a jetersen'. (1986:53-bet)

«Yetikli», «qayg'i'li' epitetleri posi'p ko'shiw aldi'nda turg'an xali'qti'n' qi'yi'n qi'stawli', azap-aqi'retli ku'nlerin sa'wlelendiriw ushi'n qollani'lg'an su'wretlew qurallari'. İlajsi'z qalg'an xali'q Tu'rkstang'a qaray ko'shedi. Buni'n' yen' basli' sebebi Jung'an xani' Xo Urli'qti'n' qaraqalpaqlarg'a qarsi' u'shinshi ma'rte topi'li'wi', xali'qti'n' mal-mu'lkin perzentlerinen ayi'ri'li'p posqi'nshi'li'qqa ushi'rap qali'wi' yedi. Bul ayani'shli' kartinalar «Wormanbet biy wo'lgende» tolg'awi'nda a'dewir teren' bayanlang'an.

Mu'yten ji'raw tolg'awlari' ko'binese didaktikali'q temag'a bag'i'shlang'ani' menen, wonda teren' filosofiyali'q woy, wo'z zamani'na bolg'an ko'zqaras wog'ada ayqi'n tu'rde su'wretlenedi. Mi'sali':

Wo'tkinshi mi'naw du'nyada,
Mali' ko'p adam bay bolar.
Qarsi'li'q qi'lg'an **qara** xali'q,
Qamshi' menen woy bolar.
Nashar basqa is tu'sse,
Seksewil tu'bi woy bolar. (1986:57-bet)
*(Mu'yten)*

Puqara xali'qti' si'patlawda «qara» epitetinin' qollani'li'wi' –wolardi'n' jarli' yekenligin bildiriwde qollani'lg'an bolg'an, milliy xarakterdi beriwde de avtor epitetlerdi sheber paydalanadi'. Mi'sali':

Biydayi' wo'sken jelpildep,
Diyxanlari' ma's bolg'an,
Sho'girmesi selkildep,
Xalqi'mi'z yedi an'qi'ldaq,

To’rt-besewi qosi’lsa,
Keter yedi g’awqi’ldap.   (1986:58-bet)
*(Mu’yten ji’raw varianti’)*

«An’qi’ldaqli’q» qaraqalpaq milletine ta’n bolg’an xarakterlik belgilerdin’ biri.

Avtor soni’n’ ushi’n da g’awqi’ldasqan qaraqalpaqlardi’n’ an’qi’ldaqli’g’i’n aytadi’. Soni’n’ menen birge, diyxanshi’li’q, bali’qshi’li’q ka’sipleri de tolg’awda ayti’ladi’. Bul da qaraqalpaqlardi’n’ a’zelden shug’i’llani’p kiyati’rg’an ka’sipleri yekenligi ma’lim.

Sol da’wirdegi ji’raw-shayi’rlardi’n’ ko’pshiligi bati’r bolg’ani’ si’yaqli’ Mu’yten ji’rawdi’n’ da bati’r adam bolg’anli’g’i’ seziledi.

Mi’sali’:

Sayxun boylap at shapti’m,
**Sari’** jaydan woq atti’m.
Ko’p dushpandi’ kulatti’m,
Xali’qti’ wo’zime qaratti’m.
Yel ag’asi’n si’yladi’m,
Yelden a’sker ji’ynadi’m.
Birigiwge xali’qti’,
Ko’p ku’shimdi ji’ynadi’m.
**Jer tanabi’n quwi’rdi’m**,
**Ay** baltani’ qolg’a ali’p,
Arqi’rap turi’p juwi’rdi’m. (1986:58-bet)
*(Mu’yten ji’raw varianti’)*

Ko’rinip turg’ani’nday, bunda lirikali’q qaharmanni’n’ islegen qaharmanli’q isleri, sawash maydani’ndag’i’ ha’reketleri ba’lent lapi’z benen ji’rlanadi’. Usi’ kartinani’ beriw ushi’n avtor giperbola ham epitetlerden paydalanadi’. Mi’sali’, «Sari’» epitet obrazli’li’qqa iye bolmag’ani’ menen uyqasti’n’ birgelkili ji’g’i’wi’na sebep bolg’an. Birinshi qatardi’n’ «s» sesi senen baslani’wi’, yekinshi qatardi’n’ da usi’ sesten baslani’wi’ alliteraciyani’ payda yetken ha’m tolg’awdi’n’ woqi’li’wi’nda emocionalli’qti’ ha’m muzi’kali’li’qti’ payda yetip tur. Al, «Ay balta» dizbegindegi «ay» epiteti bolsa wo’zinen keyingi qatardag’i’ «arqi’rap» so’zi menen u’nlesip assonansti’ payda yetken. Sonday-aq, bul jerde avtordi’n’ «woy» so’zin

qollani’li’wi’ obrazli’li’qti’ ku’ysheytedi. Sebebi, «aybalta» tiykari’nan bati’rlardi’n’ jaw-jaraqlari’nan yesaplanadi’.

«Jer tanabi’n quwi’rdi’m» giperbolasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ ha’dden ti’s qaharmanli’g’i’n, bati’rli’g’i’n bildiriw maqsetinde tan’lang’an su’wrtelew qurali’ boli’p tabi’ladi’.

Giperbola predmetti asi’ra ku’sheytip su’wretlew maqsetinde payda bolg’an su’wretlew qurali’.

Giperbola tolg’awlardag’i’ ko’rkem su’wretlewlerdin’ yen’ basli’ qurallari’nan yesaplanadi’. Sebebi, tolg’aw yari’m folklorli’q shi’g’arma. Giperbola bolsa tikkeley folklorli’q shi’g’armalar ushi’n ta’n bolg’an trop. Mi’sali’:

Jasar jasi’m jasadi’m,
**Bir ju’z altmish jasadi’m**,
Shirkewli degen sha’ha’rde,
Toqqi’z xanni’n’ sarqi’ti’n,
Bir ma’ylisti asadi’m. (1986:53-bet)
*(Sapasli’ si’pi’ra ji’raw)*

Usi’ tolg’awg’a qarap xali’qti’n’ tu’siniginde soppasli’ Si’pi’ra ji’raw bir ju’z alpi’s jas jasag’an degen tu’sinik bar. Woni’n’ wo’zinin’ aytqan so’zlerine qarag’anda tog’i’z ma’rtebe xanlardi’n’ basqospa ma’jilislerine qatnasi’p, toqsan alti’ xandi’ ko’rgen. Ha’r ma’jiliste won bir patshani’n’ aldi’nda so’z so’ylep, tog’i’z xanni’n’ sarqi’ti’n jep, toqsan ku’nlik saparda bolg’anli’g’i’ ayti’ladi’. Biraq tariyxi’y derekte Soppasli’ Si’pi’ra ji’rawdi’n’ ko’p jasag’ani’, qartayg’an waqti’nda Astraxannan Tu’rkstang’a sapar shegip kelip ju’rgeni i’ras bolg’ani’ menen de woni’n’ jas mo’lsheri menen ha’dden zi’yat ko’p xanlardi’ ko’re beriwi de realli’q turmi’stan ko’re mifologiyag’a a’dewir jaqi’n turadi’. Solay da, «Babaqman» tolg’awi’ndag’i’ bul giperbolalar tolg’awdi’n’ ko’rkemliliginin’ ha’m obrazli’li’g’i’ni’n’ jan’ali’wi’na sebep boli’p turg’anday.

Filosof ji’raw-shayi’r Asan qayg’i’ da wo’z tolg’awlari’nda giperbolani’ ju’da’ sheberlik penen qollanadi’. Mi’sali’:

**Yedil menen Jayi’q bol**,
Heshkim menen uri’spa.
Yel shetine jaw kelse,

Jani'n'di' ayap turi'spa. (1986:57-bet)

*(Asan qayg'i')*

Bunda avtor xandi' Yedil menen Jayi'q da'ryasi' si'yaqli' sawlatli' ha'm ken' boli'wg'a shaqi'radi'. Wo'kpe menen giynenin' hesh bir adamg'a da baxi't a'pere almaytug'i'ni', soni'n' ushi'n da adam balasi' keshirimli ha'm ken' boli'wi' kerekligi so'z yetiledi. Adamni'n' kewli hesh qashan da'rya yamasa ten'izdin' ken'ligi menen ten'lese almaydi'. Al, Asan qayg'i' xali'qti' basqari'w ushi'n xanlardan tap usi'nday ken'likti talap yetedi. Haqi'yqati'nda da, kewli ken' adam aqi'lli' da, keshirimli de, a'dil de bola aladi'.

Tawlani'p aqqan u'sh sala,
Sawlatli' ardan qang'an jer.
Jabag'alli' jas taylaq,
Narday atan' bolg'an jer.
Jati'p qalg'an bir toqli',
Jayi'li'p mi'n' bolg'an jer,
Jarli'si' menen bayi' ten',
Yabi'si' menen tayi' ten',
Bozlashi'g'i' buzawday,
Boz sazani' toqli'day.
Baqasi' qoyday shuwlag'an,
Shi'rmawi'g'i' sho'kken tu'ye tapti'rmas,
Bali'g'i' ko'lge ji'lqi' japti'rmas.
Baqasi' menen shayan,
Tezedegi adamg'a,
Tu'n uyqi'si'n tapti'rmas.
Na'yleyin menin' yedilim,
Men kettin' de, sen qaldi'n' [1]

*(Qaztuwg'an Su'yinshi uli')*

Giperbolani'n' a'jayi'p u'lgilerin wo'zinde bul tolg'aw Qaztuwg'an Su'yinshi uli'na tiyisli. Woni'n' qanday sebepler menen Yedildi taslap ketkeni haqqi'nda mag'li'wmatlar joq.

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Билим», 1992., 191-бет.

Biraq tolg’awlari’ni’n’ barli’g’i’ Yedilge bag’i’shlang’an. Woni’n’ wo’z watani’na bolg’an sag’i’ni’shi’i’ u’lken shayi’rli’q debdesiw menen pu’tkilley aralasi’p ketken. Avtor bul arqali’ yedil boyi’ni’n’ kartinkasi’n giperbolali’q su’wretlewler menen sheber si’zi’p beredi. «Jati’p qalg’an bir toqli’, jayi’li’p mi’n’ bolg’an jer» -bul arqali’ avtor Yedil boyi’ jerlerinin’ qunarli’li’g’i’n, jaylawg’a, ken’ wo’riske beyim yekenligin ko’rsetedi. «Jarli’si’ menen bayi’ ten’» -hesh bir da’wirde de bay menen jarli’ ten’likke yerise almag’an, almaydi’ da. Wonda, ne sebep avtor bul qatardi’ jazg’an? Sebebi, bul arqali’ Yedil boyi’ndag’i’ xali’qlardi’n’ tati’wli’g’i’n bildirmekshi bolg’an. «Bozlashi’g’i’ buzawday», «Boz sazani’ toqli’day» -barli’g’i’ asi’ra siltewler. Sebebi, bali’q toqli’day boli’wi’ mu’mkin yemes. A’sirese, «bali’g’i’ ko’lge ji’lqi’ tapti’rmas» degen qatar giperbolani’n’ nag’i’z u’lgisi. Bunda avtordi’n’ ayti’wi’nsha, ko’lde bali’q sonshelli ko’p, ha’tteki, ji’lqi’lar suw ishiw imkaniyati’na da iye yemes. Hesh zamanda da bali’qlar bunshelli ko’p bolmag’an. Tek te, wolardi’n’ ko’pshiligi a’piwayi’ qurg’aq bayanlaw menen yemes, al giperbola menen jetkeriwi avtordi’n’ jetiskenligi bolg’an. Bul usi’ldi’ tan’lawi’na avtordi’n’ wo’z yelinen ayra tu’siwi patriotli’q sezimleri sebep bolg’an. Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde qollani’lg’an ten’ew, epitet ha’m giperbolalar tolg’awlardi’n’ ko’rkemliligin asi’ri’wda, woy-pikirdi yele de ko’rkem obrazli’ ha’m emocional ta’sirshen’ tu’rde jetkeriliwinde u’lken xi’zmet atqarg’an. Sonday-aq, tolg’awlardag’i’ troplardi’n’ ja’ne bir xarakterli jeri sonda, wolarda qollani’lg’an ten’ew, epitet, giperbolalar bir-birine u’nles. Bul wolardag’i’ syujetlik liniyada ha’m ko’rkem bayanlawda da seziledi.

## II. 2. Ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde metafora, metonimiya, sinekdoxalardi’n’ qollani’li’w wo’zgesheligi

Metafora, metonimiya, sinekdoxalar poeziyani’n’ marjanlari’ desek qa’telespeymiz. Sebebi, bular u’shewi ten’ew epitet h.t.b. troplarg’a sali’sti’rg’anda avtordi’n’ ideyasi’n ko’rkemlep beriwde wog’ada u’lken sheberlikti talap yetedi, sog’an jarasa shayi’r yamasa jazi’wshi’lardi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ko’rkemlik da’rejesi de ju’da’ joqari’ boladi’. Bul troplar folklordan beri bizge shekem jetip kelgen u’lgilerine iye. Soni’n’ menen birge wolar tolg’awlarda da wo’z ko’rinisin tapqan.

Tolg’awlarda wo’mirdegi waqi’yalardi’n’ jumbaq hali’nda beriliwi woqi’wshi’ni’ ko’birek woylani’wg’a sol da’wirdegi waqi’yalardi’n’ si’rlari’n abaylawg’a iytermeleydi. Sol waqi’ttag’i’ xali’q turmi’si’ menen bekkem baylani’si’p ketken qara nar obrazi’ ko’pshilik

wori'nlarda sho'llerde adasi'p ju'rgen bati'r si'pati'nda beriledi de wol xali'q ta'repinen yamasa sol bati'rdi'n' zayi'bi' ta'repinen joqlanadi'. Mi'sali':

Yedildin' qara suwlari',
Ko'pir salmay say bolmas.
**Qara nar** kelmey xalqi'na,
Qarali' kewlim jay bolmas. (1986: 54-bet)
*(Soppasli' Si'pi'ra ji'raw)*

Bunda "Qara nar" metonimiya. Yag'ni'y xali'q izlegen bati'rdi' wo'z ati' menen yemes al qara nar ati' menen qayta atap ko'rsetip tur. Sonday-aq qosi'qta "qara", "qarali'" epitetlerinin' qollani'li'wi' namali' tolg'awdi'n' ayti'li'wi'nda xali'qqa yesitiliwinde emocionalli'q ta'sirshen'likti artti'ri'w menen birge tolg'awdi'n' alliteraciyali'q uyqasqa quri'li'wi'n ha'm ko'rkemlikti asi'ri'wda u'lken xi'zmet atqari'p tur.

Metonimiyani'n' a'jayi'p u'lgileri Asan qayg'i' do'retiwshiliginde ko'rinedi. Wolardi'n' tolg'awda jazi'li'wi'ni'n' da wo'z aldi'na tariyxi' bar. Tariyxi'y dereklerge qarag'anda Yedil menen Jayi'q arasi' bir waqi'tlari' diyxanshi'li'q worayi' yedi. Sharwa xali'qlardi'n' bul jerlerge ko'ship keliwi wolardi'n' yerkin jasawi' ushi'n da bir qansha qi'yi'nshi'li'qlardi' payda yetti. Soni'n' ushi'n da xali'qti'n masaq terip ku'n ko'riwine baylani'sli' bolg'an "Yeki qapti' qolg'a ali'p yerler jorti'p ku'n ko'rgen"- degen qatarlari' "maldi'n' jiligin jemegen basi'm yendi masaq terip ku'n ko'riwge qaradi'm" degendey boli'p yesitiledi. Janibek xanni'n' sol waqi'ttag'i' Alti'n worda xanlari'ni'n' biri menen shatasi'p qali'wi'ni'n' wo'zi de Asan qayg'i'g'a jaqpaydi'. Wol wo'zi xanni'n' aqi'lgo'y adami' si'pati'nda: "Uri's heshqanday baxi't ali'p kelmeydi. Qandi' qan menen juwi'p bolmaydi'. Wolar menen jarasqani'n' maqul",-ta'selle beredi. Biraq Ja'nibek buni'n' aytqani'n qi'lmaydi'. Soni'n' ushi'n da wol saraydi' taslap ketip qalsa kerek. Bul jag'day woni'n' tolg'awlari'nda ayqi'n ko'rinedi. Mi'sali':

**Quladin** qusti'n' quli' yedi,
Ti'shqan jep ju'ni tu'ledi,
**Aq quw** qusti'n' to'resi,
Shari'qlap ko'lde ju'r edi,
An'i'li'p ju'rgen ko'p dushpan,
Yelge jaw bop keledi,
**Quladin quwdi'** wo'ltirse,

Wo’z basi’na keledi,
A’y, Ja’nibek, Ja’nibek!
Qi’yli’-qi’yli’ zaman bolmay ma?
Suwda ju’rgen aq shortan,
**Qarag’ay** basi’n shalmay ma?
Buni’ nege bilmeysen’?!
Xosh aman bol, Ja’nibek,
Yendi meni ko’rmeysen. (1986:57-bet)
*(Asan qayg’i’)*

Bundag’i’ “quladin”, “ti’shqan”, “aqquw”, “aq shortan”, “qarag’ay”- barli’g’i’ metonimiyalar.

Tolg’awlar ko’binese u’git-na’siyat tu’rinde jazi’ladi’. Asan qayg’i’ni’n’ na’siyatlari’ ko’pshilikke qoni’mli’ didaktikali’q mazmunda beriledi. Adamlardi’ bir-birinen ayi’ri’p qaramaw wo’sek so’zlerge isenbew na’psigo’ylikke berilmew ji’raw poeziyasi’ni’n’ yen’ basli’ temasi’ da’rejesine ko’teriledi. Soni’n’ ushi’n da woni’n’ ko’p g’ana tolg’awlari’ xali’qti’ aqi’llandi’ri’wg’a qarati’lg’an. Usi’ ideyalardi’ beriwde avtor metonimiyadan sheber paydalanadi’.

Yestiyar ko’rsen’ kem ko’rme,
Barli’g’i’ bolmas bawi’rlas.
Qari’ndas jaman dey ko’rme,
Qanan’nan bolg’an tabi’lmas.
Alag’at so’z az bolmas,
Kewilin’di salmag’i’l.
Na’psi degen sum dushpan,
Na’siyati’n almag’i’l.
Baxi’ti’ ju’rgen yerlerdin’,
Ha’r bir isi won’ keler.
Basi’ndag’i’ da’wleti,
Ku’nnen ku’nge mol bolar.
**Tazi’lari’ tu’lki** ali’p,
**Qarshi’g’asi’ g’az** ilip,
So’z so’ylese jo’n bolar. (1986:58-bet)

*(Asan qayg'i')*

Soni'n' menen birlikte Asan qayg'i' ha'mme na'rsege de bir pikir menen qarawg'a bolmaytug'i'ni'n uqti'radi'. Woni'n' pikiri boyi'nsha dunyani'n' jarati'li'si' ha'r qi'yli'.

Bir jer taw bir jer sho'l bolatug'i'ni' si'yaqli' wol jerlerde jasawshi' adamlar ha'm zi'yanli' ja'nlikler pu'tkil haywanat du'nyasi' sol jerdin' jag'dayi'na iykemlesken. Soni'n' ushi'n da ha'r qanday maqluqqa woni'n' wo'zi jasap ati'rg'an jeri, ta'biyat du'nyasi' qa'dirli dep yesaplaydi'.

Mi'sali':

Ko'lde ju'rgen **qon'i'r g'az**
Qi'r qa'dirin ne bilsin.
Qi'rda ju'rgen **tuwalaq**,
Suw qa'dirin ne bilsin.
Jaman adam jelo'kpe,
Yer qadirin ne bilsin.
Ko'ship qoni'p ko'rmegen,
Jer qa'dirin ne bilsin. (1986: 58-bet)

Watan yel-xali'qqa bolg'an patriotli'q sezimlerdi beriw ushi'n haywanatlar a'lemine mu'ra'jat yetip wolarg'a ko'rkem obrazli' ma'ni ju'klegen. Metonimiya usi'li'nan paydalani'w arqali' lirikali'q qaharmanni'n' aytajaq bolg'an didaktikali'q pikirleri poetikali'q tu'rdi payda yetip ko'rkemlilikke jol ashqan.

"Wormanbet biy wo'lgen ku'n" tolg'awi'nda Metonimiyani'n' sheber u'lgileri qollani'lg'an. Mi'sali':

Baxi'tsi'z bolg'an **bayterek**,
Qulap qalsa qa'ytersen'.
İzin'degi **nart tallar**,
Ji'lap qalsa qa'ytesen'. (1986:66-bet)

Wormanbet biydin' wo'limi bul tek jeke bati'rdi'n' g'ana qayg'i'si' yemes ba'lki xali'qti'n' basi'na tu'sken u'lken apat yedi. Sebebi Wormanbet wo'zinin' danali'g'i' ma'rtligi menen tariyxtan ma'lim.

"Bayterek" metonimiyasi' Wormanbet biydin' si'patli' belgilerin ashi'w ushi'n qollani'lg'an. "Bayterek" ke megzetiwinin' sebebi ne? Bayterek shaqalari'n ja'n-jaqka tarqati'p a'tirapti'n' ba'rin sayalandi'ri'p turadi'. Demek Wormanbet biy bayterek bolsa

xalqi’ woni’n’ sayasi’nan na’r ali’p turg’anlar. Bayterektin’ qulawi’ bolsa xali’k ushi’n apat. Sonday-aq woni’n’ tami’ri’ni’n’ bekkemligi –Wormanbettin’ ju’da’ ku’shli shaxs yekenligin al shaqalari’ni’n’ ko’pligi aybati’ ha’m jomartli’g’i’nan derek beredi. Usi’ bayterektin’ a’tirapi’nda wo’sip turg’an nart tallar woni’n’ izindegi xalqi’ perzentleri. Bayterektin’ quri’g’ani’ ushi’n wolar ji’lap qaladi’. Sonday-aq,

Wormanbet biy wo’lgende,
Won san nog’ay bu’lgende,
Wormanbettey biylerden,
Ul qalmadi’, qi’z qaldi’.
Alg’i’r qusti’n’ pa’njesi,
U’sh qi’zi’ni’n’ genjesi,
Sari’sha suli’w der yedi. (1986:66-bet)

Sol zamanni’n’ da’stu’ri boyi’nsha ha’rqanday biy yaki xan wo’zinin’ isin dawam yetetug’i’n miyrasxori’na iye boli’wi’ lazi’m-dep yesaplang’an. Biraq, Wormanbettin’ ul perzenti joq yedi. Tariyxi’y dereklerde Biybiaysha, Gu’laysha ha’m Sari’sha atli’ u’sh qi’zi’ni’n’ bolg’anli’g’i’ haqqi’nda ayti’ladi’. Sari’shani’ parasatli’ ko’rip, atasi’ni’n’ worni’na biy yetip saylamaqshi’ boladi’. Biraq jawgershilik hu’kim su’rgen zamanda yel ag’asi’ bolg’anday bati’r yer adam kerek yedi. Soni’n’ ushi’nda yel arasi’nda alawi’zli’q baslanadi’. Mine, usi’ kartinani’ su’wretlewde epitet, metafora, metonimiya si’yaqli’ su’wretlew qurallari’ qollani’ladi’. Solardan “alg’i’r qusti’n’ pa’njesi” dizbegi metonimiya.

Bunda Sari’sha suli’wdi’n’ tapqi’rli’g’i’, aqi’lli’li’g’i’n ha’m wo’tkir zeyinliligin yesapqa ali’p woni’ «alg’i’r qusti’n’ pa’njesi» ne megzetip jazi’lg’an.

Jungar xani’ni’n’ topi’li’si’nan keyin Turkstan woyran bolg’an bir qalag’a aylanadi’. Bul ko’rinis tariyxi’y tolg’awlarda to’mendegishe su’wretlenedi:

Qali’q qi’si’p tum-tustan,
**Tu’tinlik** boldi’ Tu’rkstan.
Bedew atlar su’rindi,
Bul du’nya tar ko’rindi.
A’jel jaqi’n kelse de,
Qi’ya almaysan yelin’di.
Azdi’n’ ku’ni quri’sn,
Ari’n’ bar da ku’shin’ joq.

Ko’ptin’ ku’ni quri’si’n,
Da’rtin’ menen isi joq.
Bati’r jigit wortada,
**Bekire** boli’p tuwlaydi’.
Qolg’a tu’sken qari’ndas,
Xosh boli’n’! –dep shuwlaydi’. (1986:69-bet)

Bunda «Tu’tinlik» metonimiyasi’n qollani’w arqali’ Tu’rkstanni’n’ adam ko’rgisiz jag’dayg’a tu’sip qalg’anli’g’i’ su’wretlense, «bekire boli’p tuwlaw» -bati’rlardi’n’ ko’p dushpan arasi’nda sharasi’z qali’p, sheyit wo’lip ati’rg’anli’g’i’n su’wretleydi. Mine, Bul Tu’rkstanda boli’p wo’tken haqi’yqi’y sawash kartinkalari’. Bunda ha’rqanday adamni’n’ wo’z watani’na bolg’an haqi’yqi’y muhabbati’ ayqi’n su’wretlengen. Jigittin’ bati’rli’g’i’, xalqi’ni’n’ azli’g’i’, qari’ndasti’n’ a’zziligi, dushpanni’n’ reyimsizligi –barli’g’i’ real tu’rde bayanlang’an.

Metonimiya Jiyen ji’raw do’retiwshiliginde de ushi’rasadi’:

Qi’yi’nli’qqa jetti hali’,
Tamag’i’nan wo’tse boldi’,
Wo’zine **hadal-harami’**.
Jollarda qaldi’ neshshe **jan**,
Buyi’rmay kepin mazari’. [1]

Bunda «hadal-harami’» metonimiya bolatug’i’n bolsa, «jan» so’zi sinekdoxali’q qural si’pati’nda ko’rinedi.

Uli’wma alg’anda, ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde qollani’lg’an metafora, metonimiya ha’m sinekdoxalar oy-pikir ag’i’mi’ni’n’ ko’rkem obrazli’ jetkeriliwine xi’zmet etedi. Bull qurallar ko’birek avtordi’n’ ishki psixologiyali’q halati’n sa’wlelendiriwde u’lken rol oynaydi’. Bunda ta’biyat qubi’li’slari’ menen insan psixologiyasi’ni’n’ parallal tu’rde su’wretleniwi tolg’awlardi’n’ o’tkirligin ta’miyinlegen.

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Билим», 1992., 243-бет.

## Juwmaqlaw

Tu'rkiy tilles xali'qlar a'debiyati'nda ji'rawdi'n' kelip shi'g'i'wi' Qorqi't ata ji'rlari' menen baylani'sadi'. Bul da'wirde ji'raw aqi'lli'-dana boli'p, qobi'z kultke aylani'p ketken. Soni'n' ushi'n da "Qorqi't atani'n' qobi'zi' aspannan tu'sipti mish" degen ra'wiyatlar tarqalg'an. Usi' ko'zqarastan qarag'anda, ji'rawlar tek atqari'wshi' g'ana yemes, soni'n' menen birge dani'shpan shayi'r da bolg'an. Bul da'stu'r Qorqi'ttan keyin de an'i'zg'a aylani'p ketken ji'rawlar Qotan, Ketbug'a ha'm Soppasli' Si'pi'ra ji'rawlar tek ji'raw g'ana yemes, xandi' da, qarashani' da awzi'na qaratqan wo'z zamani'ni'n' yen' dani'shpan adamlari' bolg'an. Qotan ji'raw, ha'tteki, yen' qa'ha'rli xanlardan yesaplang'an Shi'n'g'i's xandi' da so'zge turg'i'zg'an. Bul jag'i'nan qarag'anda ji'rawlar mektebi ko'birek sheshenlik mektebine jaqi'n keledi. Ji'raw-shayi'rlar miyrasi' qaraqalpaq a'debiyati'nda u'sh da'wirge bo'lip u'yreniledi: Nog'ayli' da'wiri, Tu'rkstan da'wiri ha'm Jan'ada'rya da'wiri. Nog'ayli' da'wirinde do'retiwshilik yetken ji'rawlar: Soppasli' Si'pi'ra ji'raw, Qoztuwg'an Su'yinish uli', Asan qayg'i'lar boladi'. Tu'rkstan da'wirine Dospanbet ji'raw do'retiwshiligi kirgiziledi. Soni'n' menen birge, tariyxi'y tolg'awlardan «Wormanbet biy wo'lgen ku'n» tolg'awi' da usi' da'wirge tiyisli. Al, Jan'ada'rya da'wiri ji'rawlari'na Mu'yten ji'raw ha'm Jiyen ji'rawdi'n' tolg'awlari' kirgiziledi. Biz ji'raw-shayi'rlar miyrasi'ndag'i' troplardi'n' qollani'li'w sheberligin u'yrene woti'ri'p to'mendegidey juwmaqlarg'a keldik:

- Ji'raw-shayi'rlar do'retiwshiliginde epitet ha'm ten'ewler, tiykari'nan, lirikali'q qaharmang'a ta'n bolg'an si'rtqi' ko'rinisti beriwde aktiv qollani'lg'an;
- Giperbola-tolg'awlarda yen' ko'p qollani'latug'i'n su'wretlew qurali'. Bul qural arqali' ji'rawlar tiykari'nan, peyzajli'q su'wretlewlerde, qi'yankeski uri'slardi' su'wretlewde sheberlik ko'rsetken
- Metonimiya, metafora, sinekdoxalar lirikali'q qaharmanni'n' ishki du'nyasi'n, xarakterine ta'n bolg'an belgilerdi si'patlaw ushi'n qollani'lg'an.

Ji'raw-shayi'rlar do'retiwshiliginde qollani'lg'an ko'rkem su'wretlew qurallari' qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde yele de teren'irek u'yreniwdi talap etetug'i'n aktual ma'selelerdin' biri. Biz bul temeni'n' keleshekte ilimpaz-ali'mlar ta'repinen ken' tu'rde izertlewin ku'tip qalami'z.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi


1. Айымбетов Қ. Халқ даналығы. Нөкис «Қарақалпақстан» 1969
2. Ахметов С.,Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
3. Бобоев Т. Адабиётшуносликка кириш курси бўйича ўқув-методик қўлланма. Тошкент. «Ўқитувчи». 1979
4. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. «ўзбекистон». 2002
5. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы Нөкис, «билим», 1997
6. Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарыйхының очерклери. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1961
7. Ерте дәўирдиң әдебий йестеликлери. Нөкис «Қарақалпақстан», 1986
8. Жамол Камол. Лирик шеърият. Тошкент «Фан» 1986
9. Жирмунский В.М. Теория литературы. Поэтика, Стилистика, М «Наука» 1977.
10. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Ўқитувчи». 1980
11. Кәримбаева Б. Ҳәзирги қазақ лиракасының поэтикасы. Алматы «Жазыўшы» 1988
12. Квятковский А. Поэтический словарь. Москва «Совецкая энциклопедия» 1966

13. Режебов Р. Лирики мезмун ве шығыр сунгаты. Ашгабат, «Ылым», 1968.

14. Қабдолов З. Сөз өнери. Алматы, «Мектеп», 1982. Қуронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент. А. Қодрий номидаги халқ мероси нашириёти, 2004

15. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы,Ташкент, Илим, 1985.

16. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ жазба естеликлери. Нөкис «Қарақалпақстан», 1976

17. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис «Билим», 1992

18. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис «Билим», 1995

19. Муратбаев Қ. Қарақалпақ поэзиясында қосық қурлысы. Нөкис «Қарақалпақстан», 1977

19 Режебов Р. Лирики мезмун ве шығыр сунгаты. Ашгабат, «Ылым», 1968.

20 Сағыйтов И. Әдебият ҳәм фольклор. Нөкис «Қарақалпақстан», 1983

21. Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси. Тошкент «Шарқ» 2002

22. Худайбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент. «Иқтисод-Молия». 2007